



Pou Piblikasyon Imedya: 15/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 1.2 MILYON DOLA POU SANT ISTORIK YO NAN ETA NOUYÒK

1 milyon dola pou Sant Istorik Weeksville pou asire prezèvasyon kontinyèl epi ogmante enpak kominote a

200,000 dola pou sosyete Istorik Eastville pou renove nivo anba bilding lan pou fè yon espas ouvè ak pou plizyè itilizasyon pou atelye, klas ak depo vizyèl

Bati sou efò Gouvènè a pou sipòte enstitisyon ki ede kominote moun koulè yo nan tout eta a

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a 1.2 milyon dola pou sosyete istorik atravè Eta Nouyòk. Investisman 1.2 milyon dola a gen ladan l 1 milyon dola pou Sant Istorik Weeksville pou asire prezèvasyon kontinyèl sit la epi pèmèt sosyete a elaji enpak li nan kominote a. Anplis de sa, Eta a ap bay Eastville Historical Society 200,000 dola pou renove nivo ki pi ba nan bilding lan pou fè l tounen yon espas ouvè ak pou plizyè itilizasyon pou atelye, kou ak depo vizyèl.

"Eta Nouyòk gen rasin byen pwofon nan yon istwa rich, epi li enpòtan anpil pou elèv nou yo ak kominote nou yo gen opòtinite ak espas pou yo aprann sou moun ak mouvman enpòtan ki te fòme sosyete n ap viv ladan l jodi a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk nouvo finansman sa a, de sosyete sa yo pral kapab kontinye prezève sit ki istorikman enpòtan yo tout pandan y ap ede kominote ki ozalantou yo epi ankouraje yo."

Sant Istorik Weeksville la — yon etablisman 1,152 mètr kare (12,400 pye kare) dedye a atizana, travay atistik ak prezèvasyon istorik pou elèv lekòl piblik nan Vil Nouyòk — te fonde an 1838 epi li se yon moniman ki gen enpòtans nasyonal ki sitiye nan Crown Heights, Brooklyn. Kòm youn nan kèk kominote Nwa lib ki te rete nan Etazini anvan Gè Sivil la, Weeksville se yon poto esansyèl nan listwa, edikasyon ak jistis sosyal ameriken. Pou asire prezèvasyon kontinyèl sit sa a epi elaji enpak òganizasyon an sou kominote a, Eta a ap akòde 1 milyon dola nan fon operasyonèl pou sipòte anplwaye yo, pwogram alfabetizasyon ak vizit edikatif chak jou. Eta a ap akòde tou 1 milyon dola nan finansman kapital pou restorasyon enfrastrikti kritik nan kay istorik Hunterfly Road yo ak antretyen sit la. Jodi a, se Sosyete Weeksville ki jere sit la epi li gen ladan l.

Sosyete Istorik Eastville se yon òganizasyon san bi likratif ki dedye a prezève ak pataje istwa Eastville epi li sitiye nan yon kominote Afwo-Ameriken, Endo-Ameriken ak Ewopeyen ki gen yon enpòtans istorik nan Sag Harbor, Long Island. Sosyete a dokimante kontribisyon yo, kenbe sit istorik yo an bon eta, epi edike piblik la sou wòl inik Eastville nan listwa ameriken nan, tankou travay remakab li te fè pou prezève Simityè St. David AME Zion lan, youn nan pi ansyen simityè Afwo-Ameriken nan Long Island. Eta a ap akòde Eastville 200,000 dola nan nouvo finansman pou renove nivo ki pi ba nan bilding lan pou fè l tounen yon espas ouvè, multi-itilizasyon pou atelye, kou, ak depo vizyèl, sou modèl Bibliyotèk Roosevelt nan New Hyde Park la, pou ankouraje angajman piblik ak aksè pou rechèch.

Investisman sa yo apiye sou efò Gouvènè Hochul pou sipòte enstitisyon k ap ede kominote moun koulè yo grandi nan tout Eta Nouyòk.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)